



ÈSKE OU TE KONNEN?

Moun ki patisipe nan lojman konsèy gen an mwayèn **\$11,300 mwens nan dèt total.**

Sharpen Your Financial Focus, Roll and Moulton (2016)


KONSÈY LOJMAN HUD APWOUVE SE REȘOUS OU KA FÈ KONFYANS.

N ap bay konsomatè jarèt pou yo ka fè bonjan desizyon sou lojman. Konsèy lojman HUD apwouve yo ede plis pase yon milyon fwaye chak ane.



Menm si yo apwouve yon ajans konsèy lojman, sa pa vle di HUD bay yon garanti oswa andòsman ajans ki apwouve a oswa anplwaye li yo pou yon kliyan oswa nenpòt lòt òganizasyon oswa moun. Lè yo apwouve li sa vle di ajans la genyen kalifikasyon epi li te respekte kondisyon HUD egziye yo.

OFFICE OF
HOUSING COUNSELING
hud.gov/housingcounseling
1-800-569-4287



**MOUN K AP ACHETE KAY
POU PREMYE FWA**

NAN LAJAN





BAY BAGAY YO SANS

POZE KONSEYE LOJMAN OU A KESYON SOU

- ▶ Frè ak depans pandan pwosesis pou achte kay la
- ▶ Kalkile depans moun ki achte kay chak mwa
- ▶ Ki jan kredi ou kapab afekte pouvwa pou w achte
- ▶ Chwazi bon kalite ipotèk pou bidjè ou
- ▶ Konbyen depo garanti ou pral bezwen

Konbyen moso Rèv Ameriken an pral koute ou. Ou ka gen je ou sou kay rèv ou a, men li enpòtan pou w konnen byen si w ap gen mwayen pou peye li. Li ka difisil pou fè yon bidjè, men ajans konsèy lojman HUD apwouve ou a ka ede ou navige ak planifye kòrèkteman, selon mwayen ou genyen. Li pou w ka wè kijan ou pral tire tout sa ou kapab nan lajan ou.

ZAFÈ LAJAN

KONSIDERE TOUT DEPANS YO

- ▶ Anpil pretè mande pou ou gen yon sèten kantite lajan kach nan rezèv
- ▶ Diferans ant sa ou "Bezwen" ak sa ou "vle"
- ▶ Kote kay ou a ye
- ▶ Kalite kay ou vle a
- ▶ Asirans Pwopriyetè Kay

Poko chwazi nouvo rido oswa penti mi sa yo! Ou gen yon kay pou peye. Konbyen depo garanti ou pral bezwen? Èske ou ekonomize bon kantite lajan pou reparasyon kay la? Apeprè konbyen depans pou enspeksyon oswa finalize acha a pral koute? Erezman, gen yon fason entelijan pou prepare pou kesyon sa yo ak lòt kesyon bidjè ou pral genyen pandan pwosesis pou achte kay la. Jis pran yon randevou ak ajans konsèy lojman HUD apwouve ou a.


KIJAN NOU KA EDE

ANN PALE SOU LI

- ▶ Depans ou gen kounye ak depans ou pral genyen pi devan
- ▶ Fè ajisteman pou reparasyon yo, ijans ak evènman lavi
- ▶ Peye dèt ou an
- ▶ Kondisyon prè a
- ▶ Rapò ant dèt ou a ak revni ou, ak plis toujou!

Premye etap ou se ale nan ajans konsèy lojman HUD apwouve lokal ou a. Jwenn enfòmasyon enpòtan ou bezwen konnen avan ak apre ou achte kay ou a. Aprann sou pwosesis prete a, depans pou pwopriyetè inatandi, kreye ak egzekite bidjè ou, epi fè peman ipotèk ou a lè. Ou jis bezwen klike oswa fè yon kout fil pou jwenn zouti pou w ka yon pwopriyetè kay ki responsab.

KONSEYE LOJMAN NAN KAT KWEN PEYI A



Plizyè milye ajans
HUD apwouve!
nan tout peyi a!

Chemen pou achte kay ou a long, men ou pa bezwen mache poukont ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou bidjè oswa pou jwenn yon ajans konsèy lojman HUD apwouve, ale sou sitwèb hud.gov/housingcounseling oswa rele 1-800-569-4287. Nou la pou ede achte kay ou!